HAITIAN CREOLE

# LOPITAL NATIONWIDE CHILDREN'S HOSPITAL
## REZIME POLITIK ASISTANS FINANSYÈ (PAF) NAN LANGAJ KLÈ

## POLITIK ASISTANS FINANSYÈ

**** Gade dèyè paj sa a pou w jwenn aplikasyon an ****

Nationwide Children's Hospital bay moun ki elijib pou Pwogram Asistans Finansyè oswa Pwogram Asirans Swen Lopital (PASL) swen gratis oswa pou yon pri redui pou sèvis debaz ki nesesè sou plan medikal. Pasyan yo ta dwe sèvi ak tout lòt resous yo, tankou aplike nan Depatman Travay ak Sèvis Fanmi lokal yo, anvan yo konsidere asistans finansyè. Elijiblite pou asistans baze sou revni total brit (ki kantite ou touche anvan taks) ak kantite moun ki depandan nan fanmi an. Pasyan ki elijib yo p ap peye plis pou swen ijans oswa lòt swen medikal ki nesesè pase kantite lajan yo jeneralman faktire (KJF) pou pasyan ki gen asirans. Elijiblite pou asistans finansyè aplike pou tout pasyan kèlkeswa ras, koulè, kwayans, etnisite, peyi kote ou soti, laj, sèks, oryantasyon seksyèl, pwonon, relijyon oswa idantite seksyèl ak andikap.

**Kalifikasyon yo:**

Nan nivo oswa anba nivo 400% nivo povrete federal la

Moun lan pa ka resevwa Medicaid – Benefisyè Medicaid ki resevwa Swen ki Medikalman Nesesè Medicaid pa garanti pral jwenn pwoteksyon Pwogram Asistans Finansyè a.

Li pa ka yon moun k ap resevwa Medicaid

Pa ka viv nan Eta Ohio – Moun ki pa rezidan Eta Ohio ki mande èd finansyè pou swen medikal ki pa ijan dwe jwenn otorizasyon alavans pou èd finansyè anvan yo resevwa swen.

## OU BEZWEN ÈD POU APLIKE POU ASISTANS FINANSYÈ?

**Rele nan 614-722-2055**

Pale ak yon Reprezantan Aksè Pasyan nan 700 Children's Drive oswa youn nan lòt lokal nou yo pou jwenn èd oswa pou jwenn yon kopi gratis FAP a, Rezime FAP nan Langaj Klè ak Aplikasyon pou Èd Finansyè ann Anglè oswa yon lòt lang. Gade www.NationwideChildrens.org/Financial-Assistance pou jwenn dokiman yo.

## PWOGRAM ASIRANS SWEN LOPITAL (PASL)

**** Gade dèyè paj sa a pou aplikasyon an ****

PASL se vèsyon pou Ohio nan Pwogram obligatwa Disproportionate Share Hospital Program la. Pwogram sa a se pou bòdwo lopital sèlman. Tout asirans ak lòt peyè yo dwe voye resevwa fakti yo anvan yo aplike pou PASL. Yo ka bay asistans sèlman pou patisipasyon pasyan an nan fakti a.

**Kalifikasyon yo:**

Nan nivo povrete federal la oswa anba nivo povrete a

Moun lan pa ka ap resevwa Medicaid

Moun lan ap viv nan Eta Ohio

## HEALTHY START AND HEALTHY FAMILIES

**Rele 614-722-2070 oswa 1-800-324-8680**

Health Start and Healthy Families bay pwoteksyon swen sante gratis ak bon mache pou fanmi, timoun (jiska laj 19), ak fanm ansent. Kouvèti a gen ladan vizit doktè, swen lopital, sèvis ki gen rapò ak gwosès, medikaman, vizyon, dantè, dejwe, sèvis sante mantal ak plis ankò.

**Kalifikasyon yo:**

Healthy Start pou timoun ki pa gen asirans nan fanmi ki gen revni ki rive jiska 206% maksimòm nan Nivo Povrete Federal (Federal Poverty Level, FPL) la

Healthy Start pou timoun ki pa gen asirans nan fanmi ki gen revni ki rive jiska 156% maksimòm Nivo Povrete Federal (Federal Poverty Level, FPL) la

### DIREKTIV SOU REVNI POVRETE POU ANE 2023

| Gwosè fanmi an | Revni ki 100% FPL | Revni ki 150% FPL | Revni ki 200% FPL | Revni ki 300% FPL | Revni ki 400% FPL |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | $14,580 | $21,870 | $29,160 | $43,740 | $58,320 |
| 2 | $19,720 | $29,580 | $39,440 | $59,160 | $78,880 |
| 3 | $24,860 | $37,290 | $49,720 | $74,580 | $99,440 |
| 4 | $30,000 | $45,000 | $60,000 | $90,000 | $120,000 |
| 5 | $35,140 | $52,710 | $70,280 | $105,420 | $140,560 |
| 6 | $40,280 | $60,420 | $80,560 | $120,840 | $161,120 |
| Pou chak moun anplis, ajoute | $5,140 | $7,710 | $10,280 | $15,420 | $20,560 |

HAITIAN CREOLE

# NATIONWIDE CHILDREN'S HOSPITAL

**PASL ak Aplikasyon pou Asistans Finansyè**

Prezante yon aplikasyon apa **OBLIGATWAMAN** pou chak pasyan

Plase **Otokolan Enskripsyon an** Isit
**OSWA**
**Dat Sèvis la:** ___________

| Non Pasyan an: | Non Garan an: |
|---|---|
| Adrès, Vil ak Eta: | Nimewo telefòn: |

1) Èske pasyan an t ap viv Ohio nan moman li resevwa sèvis la? Wi ___ Non ____
2) Èske pasyan an te sitwayen Etazini nan moman li resevwa sèvis la? Wi___ Non____
3) Èske pasyan an te gen asirans medikal nan moman li resevwa sèvis la? Wi___ Non____
4) Èske pasyan an te yon benefisyè Medicaid aktif lè li resevwa sèvis la? Wi____ Non____
5) Èske pasyan an te yon benefisyè aktif Èd pou Andikap lè li resevwa sèvis la? Wi____ Non____

Si ou reponn **wi** pou kesyon 3, 4 oswa 5 tanpri **tache yon kopi** asirans ou, Medicaid oswa kat DA w ak aplikasyon sa a.

**Nan revni a, yo mete salè brit (anvan taks), revni yo touche nan lwaye, konpansasyon chomaj, avantaj sekirite sosyal, èd leta bay, elatriye.**
**Manm fanmi a se tout moun ki liste anba a, kèlkeswa kote yo abite.**

| Non Fanmi Manm la | Laj | Dat nesans li | Kisa li ye pou Pasyan an | Sous revni oswa Non Anplwayè a | Revni pou 3 mwa anvan dat sèvis la | Revni pou 12 mwa anvan dat sèvis la |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | Pasyan | | | |
| | | | Paran | | | |
| | | | Paran | | | |
| | | | | | | |
| | | | | | | |
| | | | | | | |

**Make yon kwa [X] sou prèv revni ou tache la a:**

☐Kopi bout chèk salè ☐Lèt anplwayè w lan

☐Pa kapab bay

**Si ou te deklare $0 revni**, tanpri bay yon Esplikasyon kou fason ou (oswa pasyan an) ap siviv finansyèman:

___________________________________________
___________________________________________
___________________________________________

Siyen mwen siyen anba a, sa siyifi mwen konfime mwen deklare sou aplikasyon sa a epi sa ki nan dokiman ki kore aplikasyon an, se la verite.

_____________________________________
Siyati Aplikan an

_____________________________________
Dat

**Voye tounen fòm sa a ak nenpòtman dokiman nan:**

**Nationwide Children's Hospital**
**Patient Accounts – F.A. Dept**
**700 Children's Drive**
**Columbus, OH 43205**
**614-722-2055**
**Fakse nan: 614-355-2266**
**Imèl nou nan:**
**Children'sPatientAccounts@NationwideChildrens.org**

HAITIAN CREOLE